



Jeffrey C. Riley
Komisyonè

Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts

75 Pleasant Street, Malden, Massachusetts 02148-4906

Telefòn: (781) 338-3000

TTY: N.E.T. Relay 1-800-439-2370

Septanm 2023

Chè Paran ak Responsab Elèv ki nan Klas 2025 (jinyò nan lekòl segondè):

Yo enkli rezilta tès MCAS prentan 2023 pitit ou pou klas 10yèm ane yo. Premye paj rapò a bay yon tablo ki montre rezilta pitit ou a nan evalyasyon lang angle, matematik, ak syans ak teknoloji/jeni. Rezilta yo enpòtan, paske resevwa yon Detèminasyon Konpetans (Competency Determination, CD) se yon kondisyon gradyasyon. Anplis CD a, elèv yo dwe ranpli tout kondisyon gradyasyon lokal yo pou yo ka resevwa yon diplòm lekòl segondè.

Nan **Lang ak Literati Angle (English language arts, ELA) ak matematik**, genyen twa rezilta posib pou tès timoun ou a. Pitit ou a ka:

- satisfè egzijans gradyasyon MCAS la nan youn oswa toude matyè lè yo te fè yon nòt 472 oswa pi wo nan ELA ak 486 oswa pi wo nan matematik.
- te fè yon nòt ant 455 ak 471 nan ELA oswa ant 469 ak 485 nan matematik, men li bezwen ranpli yon Plan Konpetans Edikatif (Educational Proficiency Plan, EPP) (www.doe.mass.edu/assessment/epp) nan matyè sa a pou yo ka gradye. Chak EPP ap gen ladann yon revizyon sou fòs ak feblès pitit ou a, kou yo dwe pran ak konplete nan klas 11yèm ak 12yèm ane, ak yon deskripsyon evalyasyon lekòl la pral administre pou detèmine si pitit ou a ap pwogrese anvè konpetans.
- pa satisfè egzijans gradyasyon MCAS la, nan ka sa a pitit ou a kapab rebran tès la (plizyè fwa, si sa nesesè) pou satisfè egzijans lan. Premye opòtinite pou rebran tès pou ELA ak matematik yo pwograme pou 8–9 novanm ak 14–15 novanm 2023, respektivman.

Nan **syans ak teknoloji/jeni (science and technology/engineering, STE)**, elèv ki nan klas 2025 la pral ranpli egzijans gradyasyon MCAS la swa lè yo pran tès biyoloji oswa entwodiksyon a fizik la, oswa si yo deja pranansyen vèsyon tès chimi oswa teknoloji/a. Tanpri sonje ke tès jen 2023 yo nan chimi epi teknoloji/jeni te dènye administrasyon de tès sa yo.

Nan rapò ki akonpaye a, gen de rezilta posib pou tès STE pitit ou a. Pitit ou a ka:

- Satisfè egzijans gradyasyon STE a, nan fason sa yo:
 - fè yon nòt 220 (*Bezwen Amelyorasyon*) oswa pi wo nan chimi oswa teknoloji/jeni; oswa
 - te fè yon nòt 467 oswa pi wo nan byoloji, oswa yon nòt 470 oswa pi wo nan entwodiksyon fizik.
- Pa satisfè kondisyon sa yo, nan ka sa a pitit ou a kapab rebran tès la (plizyè fwa, si sa nesesè) pou satisfè egzijans gradyasyon MCAS la. Premye opòtinite pou rebran biyoloji ak entwodiksyon nan fizik pwograme pou 6–7 fevriye 2024.

Pou elèv ki pa satisfè egzijans swa nan lang ak literati angle, nan matematik, oswa nan STE, Pwosesis Kontestasyon pou Pèfòmans MCAS la bay yon lòt fason pou elèv yo demontre ke yo posede konesans ak konpetans ki nesèsè pou satisfè oswa depase estanda CD eta a. Gen plis enfòmasyon, enkli kondisyon elijiblite yo, ki disponib nan www.doe.mass.edu/mcasappeals, oswa ou ka kontakte direktè lekòl segondè a oswa biwo oryantasyon an.

Nòt MCAS pitit ou a kapab fè yo jwenn yon kredi ekolaj tou nan yon kolèj oswa inivèsite piblik Massachusetts. Yo pral avize elèv ki kalifye pou bous John and Abigail Adams (www.doe.mass.edu/scholarships/adams) yo otomatikman pandan dènye ane yo. Elèv ki kalifye pou Sètifika metriz Stanley C. Koplík (www.doe.mass.edu/scholarships/mastery) dwe aplike pandan dènye ane yo.

Pou elèv ki pa satisfè egzijans MCAS pou gradyasyon yo, gen opòtinite anplis ki disponib gratis pou ede yo prepare pou lavni, tankou pwogram lekòl segondè, pwogram kolèj kominotè, ak pwogram travay ak aprantisaj. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou chemen sa yo ak lòt opsyon nan www.doe.mass.edu/ccte/ccr/hqccp.

Si w gen kesyon sou rezilta pitit ou a, tanpri kontakte konseye pedagogik pitit ou a. Si yo pa kapab reponn kesyon ou a, tanpri kontakte nou nan mcas@doe.mass.edu oswa 781-338-3625.

Ak tout kè mwen,

Jeffrey C. Riley
Komisyone nan Edikasyon Elemantè ak Segondè